# Laaj naa Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xoolug mbetteel mu digal ma ma wëlbati samab gis

Jële nañu ci Jariir Ibn Abdullah yal na ko Yàlla dollee gërëm mu wax ne: Laaj naa Yonnente Yàlla bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc xoolug mbetteel mu digal ma ma wëlbati samab gis.

[Wér na] [Muslim soloo na ko]

Jaabir ibn Abdul Laahi yal na ko Yàlla dollee gërëm dafa laaj Yonnente bi yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc góor gu xool jigéenu jàmbur cig mbetteel ci lu dul jubluwaay? Yonnente bi digal ko ne day war ci moom mu wëlbati kanamam jëm ci geneen wàll ga, ca geneen wet ga ci ba mu ko xamee fa saasa, te bàkkaar waru ko ca.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/8902